



JETE DLO CHITA BÒ LAKAY OU

Anpeche Marengwen Peple



Marengwen yo pa sèlman nwizib. Yo kapab simaye maladi. Marengwen yo bezwen dlo pou yo ponn ze yo. Menm chak ti gout dlo, nan yon espas piti tankou bouchon yon boutèy, kapab yon kote pou yo peple. Pwopriyete yo gen obligasyon pou retire tout dlo chita sou pwopriyete yo. Itilize lis verifikasyon sa a pou jwenn ak retire dlo chita ki bò lakay ou.

Sit Potansyèl Pou Peple	Fason Pou Rezoud li
<input type="checkbox"/> Fatra ak poubèl	Ranmase tout fatra.
<input type="checkbox"/> Plant nan po ki gen soukoup anba li	Chak twa oswa kat jou, vide tout sa ki nan soukoup yo epi netwaye yo. Pa mete twòp dlo nan plant yo.
<input type="checkbox"/> Pisin gonflab	Chavire pisin gonflab yo lè ou p ap itilize yo.
<input type="checkbox"/> Kote pou benyen ti zwazo	Netwaye epi chanje kote pou benyen ti zwazo yo omwen yon fwa pa semèn.
<input type="checkbox"/> Tèt kay ki plat	Retire nenpòt dlo chita ki akimile sou tèt kay la.
<input type="checkbox"/> Kanivo	Netwaye kanivo yo nan sezon prentan ak lotòn. Retire fatra epi asire ou dlo ka pase nan yo.
<input type="checkbox"/> Ekoulman klimatizè/ HVAC	Asire w ou netwaye ekoulman epi yo pa akimile anba aparèy la.
<input type="checkbox"/> Veso pou bèt domestik	Rense yo de fwa pa semèn.
<input type="checkbox"/> Pon ki dekore	Estoke ak pwason, kenbe li ayere oswa trete li ak Bti (Bacillus thuringiensis israelensis, tankou, Mosquito Dunks™).
<input type="checkbox"/> Kawoutchou	Retire kawoutchou ou p ap itilize sou pwopriyete a.
<input type="checkbox"/> Bout zèb ak fèy ki mouri	Mete fèy ak zèb ou koupe yo nan yon sache plastik, pa mete yo nan pil. Pa pase rato sou fèy oswa bout zèb yo pou mete yo nan basen pou kapte dlo nan lari a.
<input type="checkbox"/> Pisin, djakouzi, ak sona	Netwaye epi mete klòwòks nan pisin yo. Retire tout dlo, kouvri, epi trete yo ak Bti si ou p ap itilize yo.
<input type="checkbox"/> Kouvèti pisin	Retire nenpòt dlo ki akimile sou kouvèti pisin yo.
<input type="checkbox"/> Twou nan pye bwa ak pye bwa ki vid anndan yo	Ranpli twou yo ak sann.
<input type="checkbox"/> Poubèl ak poubèl pou resiklaj	Kenbe poubèl yo kouvri epi fouye twou anba yo pou dlo pa rete nan yo.
<input type="checkbox"/> Gazon Lakou	Pa wouze twòp gazon lakou yo. Balanse kote ki pi ba yo kote dlo ka fè ma.
<input type="checkbox"/> Plonbri deyò	Tcheke epi repara nenpòt kote ki gen dlo k ap koule.
<input type="checkbox"/> Pwodwi pou amelyorasyon kay tankou bwat penti, bokit, ak bwa	Kouvri yo ak twal bach oswa chavire pwodwi pou amelyorasyon kay lè ou p ap itilize yo.
<input type="checkbox"/> Twal bach	Asire ou twal bach pa sanble dlo.
<input type="checkbox"/> Bourèt ak lòt zouti pou fè jaden	Kenbe yo anndan epi chavire yo lè ou p ap itilize yo.
<input type="checkbox"/> Bato, kannòt, oswa kayak	Chavire yo lè ou p ap itilize yo epi asire dlo pa akimile anndan yo.
<input type="checkbox"/> Gwo vesò ou pa ka deplase	Ranpli yo ak sab.